

DEKRÈ EGZEKITIF

**DEKLARASYON IJANS POUTÈT KATASTWÒF NAN ETA NOUYÒK**

**KONSIDERE KE**, nan 14 fevriye 2025 ak apres, yon gwo tanpèt ivènal prevwa kreye kondisyon danjere ki poze yon danje iminan pou transpò piblik, sèvis itilite piblik yo, ak sistèm sante ak sekirite piblik nan tout eta a;

**KONSIDERE KE**, tanpèt la prevwa pwodui anpil nèj, glas, gwo van, ak tanperati glase, ki ka lakoz fèmte wout, entèripsyon vwayaj yo, blakawout jeneralize, ak dega nan pwopriyete piblik ak prive, ki poze yon menas pou sante ak sekirite piblik;

**KONSIDERE KE**, Eta a te fè fas ak yon seri tanpèt ivènal pandan semèn pase yo ki te mennen nan plis pwoblèm apwovizyonman sèl nan tout Eta a, sa ki pral konplike epi fè vin pi mal efò pou raboure ak netwaye yo, sa ki kreye kondisyon danjere sou wout Eta a ak wout lokal yo;

**KOUNYE A, KIDONK, MWEN, KATHY HOCHUL**, Gouvènè Eta Nouyòk, avèk otorite Konstitisyon Eta Nouyòk ak Seksyon 28 nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) ban mwen, konstate avèk dokiman sa a gen yon katastwòf pandye kote gouvènman lokal ki touche yo pa kapab entèveni kòm sadwa. An konsekans, mwen menm, avèk dokiman sa a, ap deklare yon Eta Ijans Poutèt Katastwòf, ki antre an vigè nan dat 14 fevriye 2025, nan tout eta a. Dekrè Egzekitif sa a ap rete an vigè jiska dat 16 mas 2025;

**ANPLIS DE SA**, konfòmman ak Seksyon 29 nan Atik 2-B Lwa Egzekitif la, mwen mande egzekisyon Plan Global Eta a pou Jesyon Ijans (State Comprehensive Emergency Management Plan) ak otorize, anvigè apati 14 fevriye 2025, ajans yo nan Eta a jan sa nesèsè, ak Kwa Wouj Amerikèn, pou yo pran mezi apwopriye pou pwoteje pwopriyete Eta a epi pou ede gouvènman lokal ak moun ki touche yo nan entèveni kont katastwòf sa a epi nan refè anba li, epi pou ofri lòt èd ki nesèsè pou pwoteje sante ak sekirite piblik;

**ANPLIS DE SA**, deklarasyon sa a satisfè kondisyon 49 nan Kòd Règleman Federal yo (Code of Federal Regulations, CFR) 390.23(b), ki bay sekou nan atik 49 CFR 395.2 ak 395.5. Sekou sa yo nan règleman federal relatif ak lè sèvis transpòtè woutye (FMCSR) nesèsè pou garanti yo kapab livre sèl yo, ekip yo kapab debleye wout ki pi enpòtan yo epi akselere mouvman ekip k ap remete sèvis kouran yo nan Eta Nouyòk;

**ANPLIS DE SA**, avèk otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la pou sispann oswa chanje pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa pati ladan yo, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas a katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, mwen sispann oswa chanje pwovizwaman, pou peryòd ant dat Dekrè Egzekitif sa a antre an vigè a jis nan dat 16 mas 2025, sa ki annapre yo:

- Seksyon 97-G nan Lwa sou Finans Eta a (State Finance Law), nan mezi sa nesèsè pou achte manje, materyèl, sèvis, ak ekipman oswa founi oswa bay diferan sèvis santralize pou ede gouvènman lokal, moun, ansanm avèk lòt antite ki pa fè pati Eta a ki viktim yo nan kad efò pou reyaji a ijans poutèt katastwòf la epi refè anba li;
- Seksyon 112 nan Lwa sou Finans Eta a, nan mezi li annakò avèk Atik V, Seksyon I nan Konstitisyon Eta a, epi nan mezi sa nesèsè pou ajoute plis travay, chantye ak tan nan kontra Eta a;

- Seksyon 162-A nan Lwa sou Finans Eta a, nan limit ki nesèsè pou achte sèl jèm oswa founi klori sodyòm;
- Seksyon 163 nan lwa sou Finans Eta a ak Atik 4-C nan Lwa sou Devlopman Ekonomik (Economic Development Law) la, nan mezi sa nesèsè pou achte pwodui, sèvis, teknoloji, ak materyèl ki nesèsè yo, san yo pa swiv avi ak pwosesis acha nòmàl yo;
- Atik 5-A Lwa Minisipal Jeneral la, nan mezi sa nesèsè pou achte pwodui, sèvis, sa gen ladan konstriksyon ak ekipman san yo pa swiv avi ak pwosesis acha nòmàl yo;
- Seksyon 9 Lwa sou Bilding Piblik la ak Atik 4-C Lwa Devlopman Ekonomik la, nan limit ki nesèsè pou otorize prim kontra ijans ki depase yon milyon senk san mil dola;
- Seksyon 38 (1), (2) ak (3) nan Lwa sou Otowout (Highway Law) la nan mezi nesèsè pou otorize atribisyon kontra ijans; epi
- Seksyon 375, 385 ak 401 Lwa sou Veyikil ak Sikilasyon (Vehicle and Traffic Law) an, nan mezi egzansyon nan egzijans anrejistremant veyikil, ekipman ak dimansyon, pou veyikil ki gen anrejistremant valid nan lòt jiridiksyon, nesèsè pou ede nan efò preparasyon ak entèvansyon pou ijans lan.

**ANPLIS**, mwen, avèk dokiman sa a, modifiye tanporèman, pou peryòd apati dat Dekrè Egzekitif sa jiska 16 mas, 2025 lwa ki annaprè yo:

Seksyon 24 nan Lwa Egzekitif; Seksyon 104 ak 346 nan Lwa sou Otowout; Seksyon 1602, 1630, 1640, 1650, ak 1660 nan Lwa sou Trafik ak Veyikil (Vehicle and Traffic Law); Seksyon 14(16) nan Lwa sou Transpòtasyon (Transportation Law); Seksyon 6-602 ak 17-1706 nan Lwa sou Vilaj (Village Law); Seksyon 20(32) nan Lwa Jeneral sou Vil la (General City Law); Seksyon 91 nan Lwa sou Dezyèm Klas Vil yo (Second Class Cities Law); ak Seksyon 107.1 nan Tit 21 nan Kòd Nouyòk, Règ ak Règleman (New York Codes, Rules and Regulations, NYCRR) nan limit ki nesèsè pou bay Gouvènè a otorite pou règleman trafik ak mouvman veyikil sou wout yo, otowout, ak ri yo.

F È T                      anba siyati mwen ak So Prive  
Eta a nan Vil Albany nan  
14<sup>yèm</sup> jou mwa fevriye nan ane  
de mil vennsenk lan.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a